



Pou Piblikasyon Imedya: 06/10/2021

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

## GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE DEZYÈM FAZ GAYAN KONKOU FOUTBÒL #VAXANDWIN FOOTBALL LA NAN PATENARYA AVÈK EKIP FOUTBÒL PWOFESYONÈL NEW YORK YO

*Pri a genyen ladan I, tikè pou match, eksperyans nan match eksepsyonèl, ak plis toujou nan Buffalo Bills, New York Giants ak New York Jets;*

*Tout Nouyòkè ki te resevwa premye dòz vaksen Covic-19 yo 9 septanm jiska 24 oktòb, kalifye; Paran ak responsab yo ka antre pou Nouyòkè ki gen 12-17 an yo*

*Twa lòt tiraj ap fèt nan tiraj yo pwograme ki disponib lan [isit la](#); Nouyòkè ki kalifye yo ka antre nan konkou a [isit la](#)*

Gouvènè Kathy Hochul te anonse jodi a gayan dezyèm faz Konkou Foutbòl #VaxandWin Eta New York la - yon novo pwogram motivasyon pou ankouraje Nouyòkè ki pa ko vaksinen yo pou vaksinen nan patenarya ak ekip foutbòl pwofesyonèl New York yo. Prim pou moun ki genyen yo enkli biyè pou match, eksperyans espesyal nan match yo, vizit estad, ekipman ekip ki siyen, apèl FaceTime ak ansyen jwè yo, ak plis ankò nan Buffalo Bills, New York Giants, ak New York Jets. Eta New York ap administre tiraj osò a epi y ap seleksyone novo gayan yo chak semèn sou senk semèn antou. Gen twa tiraj ki rete apre semèn sa.

Tout Nouyòkè ki te resevwa premye dòz vaksen COVID-19 yo 9 septanm jiska 24 oktòb 2021 yo, kalifye. Paran ak responsab yo ka antre pou Nouyòkè ki gen 12-17 tan yo isit la. Nan kad efò sa yo, Eta adeja lanse yon kanpay maketin entegre ak chak ekip, ki gen ladan novo videoyankourajman vaksen ak segman radyo avèk ansyen jwè ki yo chak te resevwa vaksen COVID-19 la yo menm.

"New York ka genyen si nou jwe ansanm", **Gouvènè Hochul te deklare.** "Sa vle di itilize novo mekanis kreyatif pou asire tout Nouyòkè ki kalifye yo pran vaksen kont COVID-19. Konkou foutbòl #VaxandWin nou an ap ede ankouraje Nouyòkè ki gen tout laj pou pran vaksen an, konsa pandan n ap retounen nan travay, lekòl, ak foutbòl - n ap fè li san danje. Konpliman pou ganyan dezyèm tou nou yo, e mèsi paske ou te fè pati pa ou pou pwoteje tèt ou ak kominate w la. Mwen remèsyé ekip pwofesyonèl New York yo paske yo rejwenn nou pou ankouraje Nouyòkè yo pran vaksinen an."

## **Gayan dezyèm tou yo se:**

Prim Buffalo Bills:

- Kristi Mora, Konte Erie
- Kenyatta Poole Singletary, Konte Monroe
- Matthew Ingalls, Konte Allegany
- Phoenix Williams, Konte Putnam
- Richard Leigh, Konte Monroe
- Christian Boettcher, Konte Erie
- Chad Kowalik, Konte Genesee

Prim New York Giants:

- Marco Tarantino, Konte Richmond

Prim New York Jets:

- Alex Benveniste, Konte Westchester
- Michael Deats, Staten Island
- Emily Swinden, Konte Ulster
- Sara Hood, Konte Delaware
- Tracie Meyers, Konte Nassau

Depatman Sante Eta New York la te verifye estati vaksinasyon gayan yo.

Nouyòkè yo ka vizite vaccines.gov, tèks kòd postal yo nan 438829, oswa rele 1-800-232-0233 pou jwenn yon lokal vaksen ki tou pre yo epi pran vaksen kont COVID-19 jodi a.

Pou aprann plis sou konkou foutbòl #VaxandWin Eta New York la, Nouyòkè ki entere se yo ka vizite sit la isit la e Nouyòkè elijib yo ka antre nan konkou a sit la.

Pou aprann plis sou vaksen COVID-19 la ak timoun ki gen pou laj lekòl yo, Nouyòkè yo ka vizite sit entènèt dedye nou an [ny.gov/vaxtoschool](http://ny.gov/vaxtoschool) oswa swiv @VaccinateNY sou Instagram.

###

Lòt nouvèl disponib sou sit [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
Eta New York | Chanm Egzekitif | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)